Qabul qilindi: 01.05.2025 Chop etildi: 30.06.2025 UDK: 93/94

# QARAQALPAQSTANNÍŃ AWÍL XOJALÍĞÍ TARIYXÍ
## (XX ásir ekinshi yarımı-XXI ásir basları)

*Mnajatdinova Qızlarxan Aynatdin qızı,*
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti "Arxeologiya" kafedrası oqıtıwshısı*



**e-mail: qizlarxan9494@gmail.com**

# СЕЛЬСКОЕ ХОЗЯЙСТВО КАРАКАЛПАКСТАНА
## (Вторая половина XX века-начало XXI века)

*Мнажатдинова Кызлархан,*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха преподаватель кафедры "Археология"*

# AGRICULTURE OF KARAKALPAKSTAN
## (Second half of the 20th century,beginning of the century 21st century)

*Mnajatdinova Kizlarkhan,*
*Karakalpak state university after Berdakh Teacher of the Department of Archaelogy*

***Annotaciya:*** *Maqalada 1960-1990-jıllardağı Qaraqalpaqstan awıl xojalığı haqqında aytıladı. XX ásir ortalarınan baslap agrar tarawda alıp barılğan siyasıy, ekonomikalıq ózgerisler, awıl xojalıq tarawında ámelge asırılğan rejeler hám olardıń ámelge asırılıwı boyınsha mağlıwmatlar keltirilgen. Xalıq xojalığı tarawına jańa texnologiyalardıń alıp keliniwi nátiyjesinde agrar tarawda alğa ilgerilewshiliklerdiń bolıwı hám de awıl miynetkeshleriniń pidakerlikleri haqqında keń túsinik hám pikirler kiritilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *Awıl xojalığı, agrar taraw, diyqanshılıq, melioraciya, awıl miynetkeshleri, paxtashılıq, salıgershilik.*

***Аннотация:*** *В статье рассматривается сельское хозяйство Каракалпакстана после 1950-х годов. В нем представлена информация о политических и экономических изменениях в аграрном секторе с середины XX века, планах, реализованных в аграрном секторе, и их реализации. В результате внедрения новых технологий в национальную экономику произошли улучшения в аграрном секторе, появились широкие представления и предложения о самоотверженном труде сельских тружеников.*

***Ключевые слова:*** *сельское хозяйство, аграрный сектор, фермерство, мелиорация, сельское рабочие, хлопководство, рисоводство.*

***Abstract:*** *The article examines the agriculture of Karakalpakstan after the 1950s. It provides information on the political and economic changes in the agricultural sector since the middle of the 20th century, the plans implemented in the agricultural sector and their implementation.As a result of the introduction of new technologies into the national economy, improvements have occurred in the agricultural sector, and broad ideas and proposals have emerged about the selfless work of rural workers.*

***Key words***: *agriculture, agricultural sector, farming, melioration, rural labor, cotton growing, rice growing.*

Orta Aziya hám Aral jağaları, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan awıl xojalıq miynetkeshleri suwğarıw hám irrigaciyalıq qurılıs tariyxınıń bay tájiriybesine iye. Qaraqalpaqstan agrar-industrial el esaplanadı. Ol Ámiwdáryanıń tómengi jağında jaylasqan. Respublikamız Ústirt hám Qızılqum sahrası arasında jaylasqanlıqtan onıń klimatı keskin kontinentallıq klimat bolıp, qısı suwıq, jazı

TAMADDUN NURI

ıssı, jawın-shashın az jawadı. Sonlıqtan awıl xojalıǵın rawajlandırıwda suwǵarıw sisteması baslı ról atqaradı. Onıń tiykarǵı suw deregi Ámiwdárya bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstannıń territoriyası úlkeniń tábiyiy-klimatlıq shárayatları menen tariyxıy qáliplesiwine baylanıslı ózine tán ózgeshelikleri menen ajıraladı. 1965-jılı Qaraqalpaqstannıń pútkil egislik maydanı 168,8mıń gektar bolǵan bolsa, al 1980-jılı ol 303,4mıń gektardı quradı. Ǵálle eginleri 4 ese, al ot-jemlik eginler 2,5 ese kóbeydi. Máselen, 1965-jılı ǵálle eginleri 19mıń gektar bolsa, al1984-jılı 80,1mıń gektar boldı. 1965-jılı ot-jem egisligi 29,5 gektar bolsa, 1980-jılı 86,8 mıń gektar boldı. Paxtashılıq egisligi 127,5 mıń gektardan 1980-jılı 133,7 mıń gektarǵa kóbeydi.[1,67]

Qaraqalpaqstanda awıl xojalıǵıń rawajlandırıw máseleleri menen Ministrler Keńesi, oblastlıq partiya komiteti, ásirese onıń awıl xojalıǵı, shólkemlestiriw-partiya jumısı sıyaqlı bólimleri, rayonlıq partiya shólkemleri, Suw xojalıǵı ministrligi, avtonomiyalı respublikadaǵı «Irsov-xozstroy» basqarması shuǵıllanıp otırdı, olar hárv kún sayın materiallıq–texnikalıq bazalardı bekkemlew, paxtashılıqtı, ǵálleshilikti, mal sharwashılıǵın hám awıl xojalıǵına baylanıslı basqa da tarawlardı planlastırıw jáne rawajlandırıw máseleleri menen bánt boldı.

Qaraqalpaqstanda diyxanshılıqtı rawajlandırıw hám agrar-diyxan máseleleri respublikanıń ózine jaǵdaylarında sáykes sheshilip bardı. Xalıqtıń tiykarǵı massası diyxanlar edi hám sociallıq-ekonomikalıq jáne mádeniy-turmıs jaǵınan ol SSSR dıń oraylıq rayonlarınan, hátte Qazaqstan hám Ózbekstannıń rayonlarınan artta qalıp keldi. 20 jıl ishinde (1965-1985) awıllıq telefon stanciyalarınıń ulıwma tarmaǵı júzlegen mártebe ósti. 1985-jılǵa shekem barlıq kolxozlar menen sovxozlardı telefonlastırıw is júzinde tamamlandı. Awıl xojalıǵın basqarıw sistemasın jetilistire otırıp, húkimet mámleketlik, jámiyetlik óndirislik turmıstıń barlıq tarawlarında miynetkeshler massasınıń rolin arttırıwǵa úlken dıqqat awdardı. Avtonomiyalı respublikamızda xalıq xojalıǵın basqarıw isine miynetkeshler keńnen qatnastırıldı. 1975-jılı rayonlıq Sovetlerge saylawlar boyınsha saylaw komissiyalarınıń quramına bekitilgen miynetkeshler wákilleri 19.7%ti /1046 adam/, al awıllıq hám posyolkalıq sovetler boyınsha saylaw komissiyaları quramındaǵı miynetkeshlerdıń wákilleri 20,1ti quradı. Awıllıq sovetlerge saylanǵan deputatlardıń 22,4 ti (1407 adam)kolxozshılar boldı.

Elimizdiń awıl xojalıǵınıń ulıwma ónimleriniń ósiwi tómendegi maǵlıwmatlardan kórinedi: Ulıwma ónimniń ortasha jıllıq kólemi 66,3mlrd manattan (1961-1965-jj), 80,5 mlrd (1966-1979-jj) manatqa shekem, yamasa 21 % ke kóbeydi. Al 1981-1985-jıllarda awıl xojalıǵınıń ulıwma óniminiń ortasha jıllıq kólemi hawa rayınıń hadden tıs qolaysız jaǵdaylarına qaramastan ótken bes jılliq penen salıstırǵanda 13%ke kóbeydi. Awıl xojalıǵınıń ulıwma ónimi 1960-1990-jıllarda 2,1 esege kóbeydi hám aqshalay esaplaǵanda 1955,6mln manatqa jetti.

Aral teńizine quyatuǵın Ámiwdárya hám Sirdárya basseyninde, atap aytqanda, Mırzashólde, Qarshı, Surxan-Sherabad dalalarında, Oraylıq Ferǵanada hám Ámiwdáryanıń tómengi aǵısında ózlestirilgen tıń hám partaw jerlerde millionlaǵan adamlar jasap, olardın qaharmanlıq miyneti nátiyjesinde jańa suwǵarıw oazisleri, qalalar, posyolkalar, júzlegen kolxozlar hám sovxozlar payda boldı.

Qaraqalpaqstandaǵı Kadrlar siyasatı Nasır Maxmudovtıń (1956-1963-jj) wálayatliq partiya shólkeminiń birinshi xatkeri bolıp tayınlanǵannan keyin ózgerdi. Respublika, qala, rayon, kolxoz, sovxozlarda isleytuǵın basshılardıń kópshiligi jas talantlı jergilikli kadrlar menen almastırıldı [4,291].

Suw xalıq xojalıǵın rawajlandırıwdın tiykarǵı deregi ekenligi áyyemgi tariyxiy dereklerden de, ata-babalarımızdan qalǵan eski ángimelerden de málim. Awıl xojalıǵınıń rawajlanıwı suw hám jerge baylanıslı bolıwı menen birge, adamnıń mańlay terine, mexanizaciya, mineral tóginler hám basqa da hár qıylı ilajlardı durıs hám sheber paydalanıwǵa baylanıslı. Araldıń qurıp ketiwi ekologiyalıq jaǵdaydıń pútkilley buzılıwına alıp keldi. Biraq usınday kemshiliklerge qaramastan 1960-1990-jıllarda awıl xojalıǵın rawajlandırıwǵa, onıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge, mexanizaciyalawǵa, qánigeli kadrlar menen támiyinlewge úlken kewil bólinip, aytarlıqtay jumıs islegenin tariyx biykarlay almaydı. Diyxanlarımızdıń pidákerlik miyneti nátiyjesinde

sol jıllardıń ishinde respublikamızdıń awıl xojalıǵın rawajlandırıwda aytarlıqtay tabıslarǵa erisildi.

1976-jıldan baslap Aral hám Aral boyı probleması boyınsha ádewir keń kólemli kompleksli izertlewler baslanıp, oǵan elimizdiń onlaǵan iri ilim-izertlew institutları hám júzlegen joqarı mamanlıqtaǵı ilimpazlar qatnastı. Bul izertlewlerdiń nátiyjesinde bir qatar usınıslar boldı. Bul usınıslar 1980-1986-jılları Nókis qalasında bolǵan Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń arnawlı kóshpeli májilisinde keńnen dodalandı hám tiyisli ministrlikler menen vedemostvalarǵa tapsırıldı.

KPSS Oraylıq Komiteti hám SSSR Ministrler Soveti "Qaraqalpaqstan ASSR ın ekonomikalıq hám sociallıq rawajlanıwdi tezletiw boyınsha ilajlar haqqında" (1986-jıl 17-mart, № 340) jáne "Aral teńizi rayonında ekologiyalıq hám sanitariyalıq jaǵdaydı túp-tiykarınan jaqsılaw, onıń basseyninde, jer, suw resurslarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin arttırıw jáne usı resurslardı qorǵawdı kúsheytiw boyınshailajlar haqqında" (1988-jıl, 19-sentyabr, № 1110) qararlar qabıl etti. Bul qararlardı orınlaw boyınsha úlken jumıslar islenip atır. Ámiwdárya hám Sirdárya suwların bólistiriw hám qadaǵalaw boyınsha basqarmalar dúzildi. Avtonomiyalı respublikada "Aralvodstroy", "Aralselxozvodoprovodstroy" siyaqlı eń iri birlespeler shólkemlestirildi, bulardan tısqarı úlken 9 birlespe hám trestle dúzildi. 1987-jılı ulıwma balansta áral teńizine 11 kubokilometr suw, 1988-jılı-23 kubokilometrden aslam suw kelip tústi. Álbette, bular Araldı saqlap qalıw boyınsha jumlardıń tek ǵana baslaması bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqstan ASSR Ministrler Soveti KPSS Oraylıq Komitetiniń hám SSSR Ministrler Sovetiniń «Aral teńizi rayonında ekologiyalıq hám sanitariyalıq jaǵdaydı túp-tiykarınan jaqsılaw, onıń basseyninde suw jáne jer resurslarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin arttırıw hám usı resurslardı qorǵawdı kúsheytiw boyınsha ilajlar haqqındaǵı» 1988-jıl 19-sentyabrdegi №1110 qararın hám 1989-jıl 26-yanvardaǵı №39 qararın orınlaw boyınsha «Qaraqalpaqstan ASSR Ministrler Sovetiniń, avtonomiyalı respublikanıń sovet jáne xojalıq organlarınıń wazıypaları haqqında» qarar qabıl etildi. Bul másele Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komitetinińbyurosında maqullanıp, Aral probleması boyınsha №1110 qarardı orınlawdıń konkret ilajları belgilendi. Bul qararlarda Kommunistlik partiya menen Sovet húkimetiniń úlkemizdiń sociallıq-siyasiy hám xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwı jáne Aral regionında ekologiyalıq jaǵdaydı, xalıqtıń densawlıǵın hám turmıs jaǵdayların túo-tiykarınan jaqsılaw haqqındaǵı atalıq ǵamxorlıǵınıń bir kórinisi ekenligi atap kórsetilip, olardı orınlaw boyınsha konkret ilajlar belgilendi. Atap aytqanda, KPSS Oraylıq Komiteti menen SSSR Ministrler Sovetiniń №1110 qararında kórsetilgenindey-aq, Ámiwdárya hám Sirdáryanın Aral teńizine quyar jerine 1990-jıldan baslap 8,7 kubkilometr kóleminde kollektor-drenaj suwı kelip túsedi [3,17].

1988-1989-jılları-aq, SSSR melioraciya hám suw xojalıǵı ministrligi tárepinen Moynaq hám Aralsk rayonlarında qoldan islengen háwizlerdiń qurılısları jáne de dáryalardıń teńizge quyar jerlerinde hám Aral jaǵalarında suwı sayız uchastkalardıń dárejesin jáne suw rejimin tártipke salıw boyınsha qurılıslardıń texnika-ekonomikalıq esapları islenip, bul obiektlerdiń qurılısı SSSR Gosplanına usınıw kerek ekenligi kórsetilgen. Sonday-aq, qararda Aral regionında dushshı jer astı suwınıń jańa kánlerin barlaw boyınsha jumıslardı kúsheytiw, óz betinshe aǵatuǵın barlıq skvajinalardı kran hám basqa da úskeneler menen támiyinlew zárúrligi eskertilgen. Sonday-aq, Aral teńiziniń qurǵap qalǵan barlıq territoriyasınıń keń kólemli kartası islenedi hám basıp shıǵarıladı. Aral regionında tábiyattan paydalanıwdıń ekologiyalıq aspektleri boyınsha kompleksli ilim-izertlew jumıslarına ayrıqsha áhmiyet berilgen. Usı maqsette Nókis qalasında 1989-jılı SSSR Ilimler Akademiyasınıń Aral teńizi basseynlerindegi ekologiya hám suw problemaları institutı ashılıwı tiyis. Bul institut Orta Aziya respublikaları hám Qazaqstan SSRınıń usı máseleler boyınsha barlıq ilim-izertlew jumısların baylanıstırıw boyınsha xizmet etedi.

1989-jıldan baslap Tórtkul, Beruniy hám Ellikqala rayonlarınıń territoriyalarınan kollektor-drenaj suwların suwǵarılatuǵın jerlerdiń sırtınan Aral teńizine aǵızıw boyınsha obiektlerdi proektlew hám salıw máselelerin sheshiw hám bul suwlardıń Ámiwdáryaǵa túsiwine jol qoymaw ilajları kórilmekte[2, 109].

TAMADDUN NURI

1966-1970-jıllarda SSSR dıń xalıq xojalıǵın óndirisin rawajlandırıwdıń bes jıllıq planında “ xalıqtıń azıq-awqatqa, al sanaattıń awıl xojalıq shiyki zatına bolǵan ósip baratırǵan talapların jaqsıraq qanaatlandırıw maqsetinde diyqanshılıq hám mal sharwashılıq ónimlerin jetistiriwdi ádewir kóbeytiw awıl xojalıǵı tarawındaǵı baslı waziypa bolıp tabılatuǵınlıǵı kórsetilgen.

1966-1970-jıllarǵa avtonomiyalı respublikanıń awıl xojalıq óndirisin rawajlandırıw planına sáykes ulıwma óńimniń ortasha jıllıq ósimi 25,7%ti qurawı tiyis boldı, bul ótken jıllardıń dárejesinen ádewir asıp ketedi. Paxtashılıq penen bir qatarda saligershilik te keń rawajlanıwı kerek boldı. Qaraqalpaqstan awıl xojalıq óndirisine tek 1971-1975-jıllardıń ózinde jańa texnika hám texnologiyanı endiriw anaǵurlım ósti. Bul jıllar ishinde respublikanıń awıl xojalıq óndirisine 1200ge jaqın hárqiylı mashinalar engizildi. Araldıń qurıp ketiwi ekologiyalıq jaǵdaydı pútkilley buzılıwına alıp keldi. Biraq usınday kemshiliklerge qaramastan 1960-1985-jıllarda awıl xojalıǵın rawajlandırıwǵa, onıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge, mexanizaciyalawǵa , qánigeli kadrlar menen támiyinlewge úlken kewil bólinip, aytarlıqtay jumıs islegenin tariyx biykarlay almaydı. Respublikamızda diyqanshılıq Túyemoyın suw saqlaǵıshınan baslap Aral teńiziniń burınǵı jaǵalawlarına shekem jetip bul jerler on bes rayon aymaǵına bólistirilgen (Tórtkul, Ellikqala, Beruniy, Ámiwdárya, Xojeli, Qanlikól, Shomanay, Qońırat, Nókis, Kegeyli, Shımbay, Qaraózek, Taxtakópir, Bozataw, Moynaq rayonları) hám jerden paydalanıwshılıǵı boyınsha bir neshe tarawlarǵa bólinip, bul jerlerde paxtashılıq, saligershilik, palız egiwshilik, baǵ-júzimgershilik, ot-jem, sharwashılıq, balıqshılıq hám basqa da tarawlarda ónim jetistiriledi. Avtonomiyalı respublikamızdıń húkimeti miynetkeshlerdiń ádewir keń qatlamların óndiristi basqarıwǵa, xojalıqlarda dóretiwshilik jaǵday dúziw, jarıstı keń en jaydırıw miynetke morallıq hám materiallıq qızıqsındırıwdıń hár qıylı formaların qollanıw jolı menen awıl miynetkeshlerin miynet kollektivleriniń sociallıq-siyasıy hám mádeniy-aǵartıwshılıq jumıslarına tikkeley aralastırıw haqqında mudamı ǵamxorlıq kórsetip keldi. Diyxanlarımızdıń pidákerlik miyneti nátiyjesinde sol jıllardıń ishinde respublikamızdıń awıl xojalıǵın rawajlandırıwda aytarlıqtay tabıslarǵa erisildi.

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR**


1. Б.Шамамбетов «Қарақалпақстанның аўыл хожалығы (1965-1986-жыллар)», Нөкис 1992.
2. Қ.Сарыбаев «Қарақалпақстанда путкилхалықлық ирригациялық қурылыслар тарийхынан», Нөкис 1989.
3. Өзбекстан аўыл хожалы илимий өндирислик орайының Қарақалпақстан Республикалық бөлими. Қарақалпақстан республикасында дийқаншылықты раўажландырыўдың илимий тийкарланган системасы. Нөкис 2003.
4. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. «Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсир басларына шекем», Нөкис 2003.




TAMADDUN NURI